

FICH DESKRIPTIV

LASIODIPLODIA K AP LAKOZ POURITI BEREJÈN AN AYITI

Joubert Fayette¹

Berejèn (*Solanum melongena*) se youn nan prensipal legim yo kiltive pou manje an Ayiti, ak yon pwodiksyon ki estime a 851 tòn an 2017 (FAOSTAT, 2019). Nan yon etid preliminè ki fèt an 2018, gen berejèn malad yo rekòlte sou 2 pasèl rechèch nan Centre de développement rural durable (CRDD) Bas-Boën Kwadèboukè a, an Ayiti, ki moutre de lezyon tou won ki plen dlo (Imaj 1). Chanpiyon ki afekte plant yo se *Lasiodiplodia hormozganensis*, li reskonsab pouriti berejèn yo ak lòt kilti legim ak fwi tou.



Imaj 1. Berenjèn ki malad. Sant Devlopman Dirab Bas-Boën (CRDD), Ayiti.

Kisa ki pouriti fwi berejèn yo ak *Lasiodiplodia*?

Sentòm kouran enfeksyon *Lasiodiplodia* a se, deperisman, pouriti rasin yo, pouriti fwi yo, tach nan fèy yo, fletrisman fèy yo ak “balai de sorcière” (witches’ broom). Gen kèk *Lasiodiplodia* patojèn ki fè pwodiktivite ak kantite tan lavi plant yo redwi anpil anpil. Nan kilti ki pi enpòtan ajan patojèn nan touche yo, genyen rezen, frèz, mango, papay, bannann, ak berejèn. Pouriti fwi berejèn yo ak *Lasiodiplodia* ka trè destriktis, nan afekte fwi yo anvan epi rekòt la an apre.

A kisa pouriti berejèn yo ak *Lasiodiplodia* sanble?

Sentòm yo vizib sou fwi enfekte yo, ki devlope de lezyon sikilè, bwonze, epi ki plen dlo. Gen miselyòm gri ki gen sèpt (septate) ki kouvri fwi a rapidman. Lezyon sa yo kouvri fwi a nèt (Imaj 1), nan pwodwi yon kantite miselyòm gri ak pycnide (Imaj 2). Fwi ki atenn nan vin rabougri, tankou eponj epi momifye (Imaj 3).

1. Joubert Fayette, Ph.D., fè pati de ekip k ap pilote pwogram rechès Fitopatoloji (maladi plant yo) nan pwogram Appui à la Recherche et au Développement Agricole (AREA), Feed the Future, Haiti

Kote pouriti fwi berejèn yo ak *Lasiodiplodia* soti?

Pouriti fwi berejèn yo ak *Lasiodiplodia* son maladi grav chanpiyon bay. Plizyè espès nan jan *Lasiodiplodia* a bay li, sitou *L. hormozganensis* ak *L. theobromae*. Chanpiyon an ka siviv sou fòm “pycnide” sou ot apropiye yo ak debri plant yo. “Pycnide” la pwodui epi l lage “conidies”. Apre sa “conidies” yo dispèse nan lòt fèm gras ak van, gout lapli ak dlo irigasyon ousnon mekanikman ak materyèl yo oubyen moun. Tan chalè ak imid jeneralman favorize enfeksyon an ak devlopman sentòm yo. Imidite lib nesèsè pou enfeksyon an.

Nan kad eksperyans nan laboratwa (Imaj 4), li demontre tou 2 izola *Lasiodiplodia* yo jwenn apati de berejèn yo te kapab pwovoke maladi sou fwi pwav yo. Li te ka enpòtan pou yo etidye plant solanase (tomat, piman dous, elt.) kòm ot potansyèl *Lasiodiplodia* a.



Imaj 2. Prezans miselyòm (mycelium) sou plant ki enfekte.

Kòman m sove plant anba pouriti fwi berejèn yo ak *Lasiodiplodia*?


Kòm se yon nouvo maladi ki tonbe sou berejèn, pa gen rekòmandasyon espesifik sou kijan pou kontwole l nan literati a. Prensip jeneral pou lite kont maladi Chanpiyon bay yo tankou yon bon asenisman ak pratik kilti ka adopte pou redwi enfeksyon potansyèl *Lasiodiplodia* ka lakòz yo. Pratik kilti yo ta dwe ede redwi pèt yo. Pa egzanp, altène kilti solanase (piman dous, tomat), retire move zèb epi debri ak fwi enfekte yo, epi chwazi chan ki byen drene, ka ede jere maladi a. Minimize blesi fwi yo nan kontwole ensèk yo epi evite andomaje plant lan. Toutan sa posib, se yon avantaj lò w evite travay nan chan yo lè fèy yo mouye pou redwi pwopagasyon ak sporilasyon ajan patojèn nan. Evite blese plant yo pou redwi pòt antre posib pou chanpiyon an.



Imaj 3. Stad avanse enfekte ak prezans miselyòm. Fwi yo momifye

Pou plis enfòmasyon, kontakte Bureau Agricole Communale (BAC) ousnon «Centre Rural de Développement Durable» (CRDD) ki pi pre w la, « Division de la protection des plantes » nan

Ministè agrikilti oubyen yon lòt enstitisyon lokal ki nan pwoteksyon plant yo an Ayiti.



Imaj 4. Tès patojenisite sou piman dous (twa jou apre inokilasyon) ak souch chanpiyon *Lasiodiplodia hormozganensis* sa yo : G18-1373; G18-1374). Inokilasyon plant ki nan gwoup kontwòl la te fèt ak yon ti moso medyòm ki rele “gélose au dextrose de pommes de terre.”

Referans

Correia, Kamila C., et al. "Phylogeny, distribution and pathogenicity of *Lasiodiplodia* species associated with dieback of table grape in the main Brazilian exporting region." *Plant pathology* 65.1 (2016): 92-103.

Fayette, J., Bec, S., Loubeau, S., Fulton, J.C., Garrett, K.A., and Harmon, C.L. 2019. First report of *Lasiodiplodia hormozganensis* causing fruit rot of eggplant in Haiti.

Vieira, J. C. B., Câmara, M. P. S., Bezerra, J. D. P., Motta, C. M. S., & Machado, A. R. (2018). First Report of *Lasiodiplodia theobromae* Causing Rot in Eggplant Fruit in Brazil. *Plant disease*, 102(10), 2039-2039.

Woodward, J. E., Langston Jr, D. B., Brock, J. H., Kemerait Jr, R. C., Brenneman, T. B., & Beard, G. H. (2005). First demonstration of Koch's postulates for *Lasiodiplodia theobromae* fruit spot on eggplant (*Solanum melongena*). *Plant disease*, 89(6), 687-687.